



Lowenstein International
Human Rights Clinic
Yale Law School



Deklarasyon Tèt Kole Klinik Dwa Moun ki baze nan peyi Etazini sou Referandòm Konstitisyonèl Ayiti a

8 Jen, 2021

Nou menm ki se klinik ki baze nan fakilte dwa ki nan peyi Etazini k ap travay nan solidarite ak sosyete sivil ayisyen an, nou mande gouvènman Etazini pou li denonse yon fason klè, san vire tounen referandòm konstitisyonèl sa ki planifye a. Yè, gouvènman [anonse yo pwolonje vòt la](#)—ki t ap fèt 27 jen—[akòz ogmantasyon ka ak lanmò COVID-19](#). Gouvènman ameriken dwe rekonèt nan ki pwen referandòm nan ap afebli demokrasi a an Ayiti epi mande administrasyon Moïse la pou anile li.

Nou [rete preyokipe anpil](#) konsènan sitiyasyon dwa moun ak politik k ap deteryore an Ayiti. Sa ki pi enkyetan an—epi ki mande pou gen denonsyasyon prese prese epi ki klè, san vire tounen—se referandòm konstitisyonèl. Nan referandòm nan, yo pral mande Ayisyen pou yo vote “wi” oswa “non” pou yon nouvo konstitisyon. Vòt sa ilegal: Konstitisyon an entèdi kategorikman pou gen chanjman, mwens ankò amannman, atravè referandòm.¹ Vòt sa vini anplis plizyè douzèn dekrè prezidansyèl ki afebli delibereman lòt pouvwa ki la pou kontwole egzekitif la epi ta konsolide pouvwa bay prezidans lan. [Etazini](#) ak [Nasyonzini](#) te kondane pwosesis la paske yo te jije li pa ase patisipatif oswa transparan. Anplis, [distribisyon kat elektoral yo ki pa rive nan bout li](#) epi [nivo ensekirite a k ap vin pi grav chak jou](#) rann li enposib pou plizyè ayisyen ale vote.

Kontèks

Prezidan Moïse se [youn nan onz \(11\) dirijan ki eli ki genyen an Ayiti](#). Pandan peryòd li pase sou pouvwa a, te toujou genyen gwo manifestasyon kont koripsyon li enplike ladan yo; epi ogmantasyon vyolans gang yo ap komèt—ak enpinite ki genyen pou moun ki komèt zak sa yo; epi nan pran mezi ki gen anpil odas ladan yo.² Akoz li pa rive fè eleksyon nan lane 2018 ak 2019, Prezidan Moïse te kòmanse dirije peyi a ak dekrè nan mwa Janvye 2020. Depi lè sa, li te pibliye tout yon seri dekrè ki afebli tout sa ki ka kontwole pouvwa li a,³ kòm egzanp li [limite kontwòl](#)

¹ Atik 284.3

² *Konsilte* “Int’l Human Rts Clinic, Lowenstein Int’l Human Rts. Clinic & Global Justice Clinic”, Deklarasyon Tèt kole Klinik Dwa Moun ki Etazini sou Kriz Konstitisyonèl ak Dwa Moun an Ayiti (13 Fevriye 2021), *disponib sou* <https://chrgj.org/2021/02/14/gjc-issues-statement-on-the-constitutional-and-human-rights-crisis-in-haiti/>

³ *Konsilte*, kòm egzanp atik Jacqueline Charles, ki pote non “*Slew of presidential decrees have some wondering if Haiti is on the road to dictatorship*”, si soti nan Miami Herald (21 Desanm, 2020), <https://www.miamiherald.com/news/nation-world/world/americas/haiti/article247954080.html>; <https://ayibopost.com/linstabilite-politique-menace-lannee-2021-selon-les-observateurs/>. Nan mwa Jiyè, manda responsab meri yo te rive nan bout yo. Prezidan an te soti yon dekrè pou li konvèti eli lokal sa yo kòm “komisyon minisipal” egzekitif la ka revoke oswa ranplase nenpòt kilè. *Konsilte* atik

[lajistis ka fè sou li, nan revoke responsab inite k ap konbat krim finansye yo](#), ki te fè konnen prezidan Moïse te enplike nan koripsyon, epi [nan mete kanpe yon nouvo sèvis entèlijans](#) ki gen pouvwa siveyans ki depase limit.

[Enstitisyon k ap travay nan domenn lalwa, lidè sosyete sivil](#), ak responsab politik, pami yo [manm Kongrè Ameriken an](#), mete yo dakò pou di dènye jou Prezidan Moïse pase ki legal sou pouvwa a se te 7 Fevriye 2021 an.⁴ Li te refize demisyone. Jou ki te 8 Fevriye 2021 an, Prezidan Moïse ak gwo ponyèt “mete nan retrèt” epi [enkonstitisyonèlman nome lòt jij nan Lakou Kasasyon](#). Nan menm moman an, vyolans gang ak ensekirite [viv pi mal pou tounen yon katastwòf pou kounya](#). Kidnapin pa sispann ogmante epi moun pa kapab al regle aktivite yo konn mennen chak jou san laperèz pa anvayi yo. Gen prèv ki montre administrasyon Moïse la ap [itilize—oswa pou pi piti sipòte—vyolans gang yo pou fèmen bouch opozisyon an](#). Gen pliizyè milye ayisyen ki plizyè fwa [manifeste kont prezidan an](#), kote yo kritike li pou konpòtman otorite li genyen ak koripsyon, ensekirite ak vyolans y ap viv chak jou.

Referandòm Konstitisyonèl la

Atik 284-3 [Konstitisyon Ayisyen 1987](#) di konsa: “Li estrikteman entèdi pou òganize eleksyon jeneral pou amande Konstitisyon an atravè referandòm.”

Si sa rive fèt, [nouvo Konstitisyon an](#) t ap restriktire fondamantalman epi ranfòse prezidans lan plis toujou. Li [aboli sena a ak pòs premye minis la, epi legalize konsèy elektoral prezidan Moïse li menm te chwazi pou sipèviz eleksyon ki prevwa pou fen lane sa a](#).⁵

Robenson Geffrard, ki pote non « *La présidence prend le contrôle des mairies*, Le Nouvelliste (8 Jiyè 2020), <https://lenouvelliste.com/article/218352/la-presidence-prend-le-contrôle-des-mairies>.

⁴ Prezidan gen yon manda 5 lane. Moïse tee li an 2016, nan re-òganizasyon eleksyon 2015 yo. Moïse fè konnen paske li pa t monte sou pouvwa pazavan lane 2017, 5 lane manda li a ap fini rive Fevriye 2022, men sa depaman ak Konstitisyon ayisyen an epi Lwa Elektoral 2015 lan. Konstitisyon an di espesifikman manda prezidan kòmanse 7 Fevriye aprè eleksyon yo fini. HAITI CONST. ART. 134-1, https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti_2012.pdf?lang=en (vèsyon anglè). Atik 134-2 a pi lwen fè konnen lè eleksyon yo pa fèt nan tan yo te prevwa a, “prezidan ki eli a antre an fonksyon imedyatman aprè validasyon vòt yo epi mande li sanse kòmanse 7 Fevriye lane eleksyon an.” *Id.* atik. 134-2. Eleksyon 2016 yo te òganize dapre Lwa Elektoral 2015 lan, ki li menm te fè konnen manda prezidan t ap fini 5 lane aprè dat manda a kòmanse a, kèlkeswa nan dat prezidan monte sou pouvwa a. Lwa Elektoral 2015, atik 239(a), LE MONITEUR, <https://www.haitilibre.com/docs/decretelectoral2015.pdf> (“Manda Prezidan Repiblik la ap fini jou k ap 7 Fevriye nan senkyèm (5yèm) lane manda li a, kèlkeswa dat li monte sou pouvwa a.”) Moïse avan sa te aplike entèpretasyon sa pou li te ranvwaye tout majistra responsab meri yo ak pifò Palman an lane pase, sa ki te vin fè l ap dirije ak dekrè san pa gen okenn moun ki pou kontwole aksyon pouvwa li a ap poze. *Gade nan atik* Jacqueline Charles, ki gen pou tit “Palmantè Ameriken mande pou gen yon tranzisyon an Ayiti, kote yo sipòte revandikasyon ki fè konnen manda prezidan Moïse fini Dimanch,” MIAMI HERALD, 6 Fevriye 2021, <https://www.miamiherald.com/news/nation-world/world/americas/haiti/article249058630.html> Sa pa depaman ak fason ansyen prezidan yo te te entèprete dire manda yo ak jan lòt moun te fè sa pou ansyen prezidan sa yo kote peryòd yo te pase sou pouvwa, pou dives rezon, pa t rive totalize 5 lane. *Gade nan dokiman* Jake Johnston, ki rele “The OAS Picks Sides in Haiti... Again, Sant pou Rechèch Ekonomik ak Politik (*Center for Economic & Policy Research*) pibliye nan dat 4 Jen 2020, <https://cepr.net/the-oas-picks-sides-in-haiti-again/>. Yon pozisyon [Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè](#); the [Federasyon Bawo Ayitisyen](#); ak anpil lòt espè nan domenn dwa ak sosyete sivil la apiye.

⁵ Nan Atik 202, Konstitisyon ki pwopoze a, chak branch gouvènman an otorize pou li nome twa (3) moun nan Konsèy Elektoral Pèmanan an. Sepandan, Atik 266 nan tèks sa ki pwopoze a fè konnen gen yon konsèy electoral pwovizwa ki pral sipèviz eleksyon yo jiskaske konsèy electoral pèmanan monte. Menm si gen anbigite (bagay ki pa klè), [tèks ki](#)

[Opozisyon fas ak referandòm sa an Ayiti gaye tout kote](#).⁶ Òganizasyon ki nan sosyete sivil la te denonse aksyon ilegal sa pou akapare pouvwa a, ki se yon etap pou [“restore diktati an Ayiti.”](#) Pwòp pati politik Prezidan Moïse la pa sipòte referandòm nan, [kote yo fè remake karaktè otorite refòm konstitisyonèl ki pwopoze yo genyen](#).

Eleksyon Lib ak Kredib pa Posib

Se pa sèlman karaktè ilegal referandòm nan ki dwe pouse Etazini pou li pa sipòte sou okenn fòm vòt la, men kondisyon ki egziste sou tèren an fè li enposib pou gen eleksyon lib ak demokratik ki òganize. [Distribisyon nouvo kat elektoral yo ki pa rive nan bout li](#) vle di ap gen plizyè milyon moun ki kalifye pou yo vote ki p ap kapab gen aksè ak biwo vòt yo. [Konsèy Elektoral la te fè konnen gen 4.5 milyon moun ki te enkri pou vote nan referandòm nan epi pwosesis enkrisripsyon an fèmen kounya](#). Estimasyon yo di gen [7.3 milyon moun](#) nan popilasyon ayisyen an ki gen laj pou vote.

Vyolans ki genyen ap anpeche vòt yo dewoule tou. Ris pou sibi vyolans gang yo ak kidnapin fè popilasyon Ayisyen pa kapab soti pou [ale lekòl](#), mwens ankò pou ale vote. Yo ap [“viv yon peryòd ki ap teworize yo.”](#) [Nan listwa peyi a, toujou gen vyolans nan moman eleksyon](#), menm si kondisyon avan eleksyon yo konn pi estab pase jan kondisyon yo ye an Ayiti jodia. Nan dat 25 Me pase a, Konsèy Elektoral la [te fè konnen](#) yo pa t kapab vizite 35 nan 328 sant vòt ki genyen nan Depatman Lwès — ki abrite Pòtoprens epi ki gen prèske mwaye moun k ap viv an Ayiti—akoz ensekirite. Anplis, [Òganizasyon ayisyen dwa moun](#), [Nasyonzini](#), [Fakilte Dwa Inivèsite Harvard](#), epi [Lapolis Jidisyè peyi Dayiti](#) te rive dokimante enplikasyon aktè ki nan leta a—pami yo dirijan ki wo plase nan administrasyon prezidan Moïse la ak Polis Nasyonal Dayiti—nan yon [seri masak](#) kont kominote ki aktif nan mouvman opozisyon an.

[Òganizasyon ki nan sosyete sivil la te di klèman di li enposib pou òganize eleksyon kredib e san fòs kote pandan manda prezidan ki la a](#), kontinye soti deklarasyon pou montre opozisyon yo fas ak referandòm nan.⁷ Gen yon ansyen [Anbasadè ameriken li menm tou ki te fè konnen](#) kondisyon pou òganize eleksyon san fòs kote pa egziste.⁸ Nan dat 18 Me, Palman Ewopeyen an te soti yon [rezolisyon sou Ayiti](#) kote yon konkli pou di referandòm konstitisyonèl la “pa ta dwe òganize.”

Vwa k ap leve nan nivo entènasyonal pou rekonèt referandòm nan ilegal epi ilejitim pa sispann ogmante. Nan dat 20 Me pase a, Palman Ewopeyen an te adopte yon [rezolisyon sou Ayiti kote yo](#)

[pwopoze a](#) sanble fè konnen konsèy elektoral pwovizwa ki la kounya a, Prezidan Moïse te nome a, pral sipèvizè eleksyon ki pwograme pou lane sa a.

⁶ Konsilte, kòm egzanp, https://www.alterpresse.org/spip.php?article26738#.YK_SCZNKgUo, <https://lequotidiennews.org/haiti-referendum-constitutionnel-un-projet-mort-ne-et-un-mouvement-nul-selon-la-societe-civile-haitienne/>, <https://www.alterpresse.org/spip.php?article27051#.YLEYOZNKhnl>, <https://www.haiti-reference.com/pages/2021/06/02/note-ceh20210601/>, ak <https://la1ere.francetvinfo.fr/guadeloupe/haiti-mobilisation-contre-le-projet-de-reforme-constitutionnelle-972355.amp>.

⁷ Konsilte, kòm egzanp nan, <https://rezonodwes.com/2021/06/01/les-eveques-catholiques-critiquent-la-decision-de-changer-la-constitution-sans-consensus-et-en-pleine-crise/>, https://www.alterpresse.org/spip.php?article26738#.YK_SCZNKgUo, <https://lequotidiennews.org/haiti-referendum-constitutionnel-un-projet-mort-ne-et-un-mouvement-nul-selon-la-societe-civile-haitienne/>, <https://www.alterpresse.org/spip.php?article27051#.YLEYOZNKhnl>, <https://www.haiti-reference.com/pages/2021/06/02/note-ceh20210601/>, ak <https://la1ere.francetvinfo.fr/guadeloupe/haiti-mobilisation-contre-le-projet-de-reforme-constitutionnelle-972355.amp>.

⁸ Epi, nan Avètisman sou Vwayaj Nivo 4 sou Ayiti a, Depatman Deta rekonèt kondisyon yo anpeche gen eleksyon kredib òganize. Men sa avètisman an di: [“Pa vwayaje an Ayiti akòz Kidnapin, krim, twoub sivil, ak COVID-19.”](#)

[konkli pou di referandòm nan “pa ta dwe òganize.”](#) Gouvènman Ameriken an te [kritike referandòm nan](#) epi li te fè konnen yo [p ap bay sipò lajan pou sa fèt. Nasyonzini ak anbasadè anpil lòt peyi te fè remake](#) mank transparans ak patisipasyon ensifizan ki genyen nan pwosesis la. he lack of transparency and insufficient participation in the process. Sepandan, [Etazini, Nasyonzini ak Òganizasyon Eta Ameriken yo, yo chak te bay asistans teknik oswa ede](#) pou pèmèt vòt yo reyalize, yon fason san yo pa di sa klè, pou fasilite vòt enkonstitisyonèl reyalize.

Se pa yon kowensidans si Prezidan Moïse vle debarase li de Konstitisyon 1987 la— ki te fèt nan jefò pou soti Ayiti nan didakti pou antre nan demokrasi—pandan l ap eseye konsolide pouvwa li epi pwoteje tèt li ak akolit li yo, fas ak responsablite yo genyen nan vyolasyon dwa moun ak koripsyon k ap kontinye fèt pandan manda li a. Administrasyon Biden nan dwe sipòte demokrasi ak dwa moun an Ayiti. Sa mande pou gen yon denonsyasyon piblik, prese prese epi ki klè, san vire tounen sou referandòm konstitisyonèl ilegal la. Pwolonje referandòm pa sifi; fòk li pa janm fèt.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Ellie Happel, Ko-Direktè Projè pou Ayiti & Entriktè Klinik
Global Justice Clinic, Fakilte Dwa nan Inivèsite New York
206-816-0544
ellie.happel@nyu.edu

Gabrielle Apollon, Ko-Direktè Pwojè pou Ayiti
Global Justice Clinic, Fakilte Dwa nan Inivèsite New York
mar755@nyu.edu

Beatrice Lindstrom, Entriktè Klinik
International Human Rights Clinic, Fakilte Dwa Inivèsite Harvard
404-217-1302
blindstrom@law.harvard.edu

James Silk, Binger Pwofesè Klinik nan kesyon Dwa Moun
Allard K. Lowenstein International Human Rights Clinic, Fakilte Dwa Inivèsite Yale
203-687-8809
James.silk@ylsclinics.org

Deklarasyon Klinik yo pa reprezante nan anyen pwennvi enstitisyonèl chak Fakilte Dwa yo.